



CCHP ak Fanmi Sardelis

Lisa Sardelis se yon manman sèl ki gen de pitit ki gen andikap. Amara pa pale epi yo dyagnostike li ak Otis, twoub kriz (sezi), ak yon maladi kongenital. Max pa pale, li legalman avèg, epi li gen yon andikap devlopmantral ansanm ak limitasyon fizik.

Amara ak Max toude resevwa plizyè sèvis epi toude sèvi ak chèz woulant.

Lè Kowòdonatè Swen Central Community Health Partnership (CCHP) te rankontre ak fanmi Sardelis la, Lisa t ap fè tout sa li kapab pou li ale nan randevou doktè yo epi pou li konekte ak anpil founisè sèvis lekòl ak swen sante. Pandan li t ap travay ak DPH (Depatman Sante Piblik) pou òganize sèvis ak sipò, Lisa te souvan prensipal sous enfòmasyon pou founisè sèvis yo ak espesyalis yo.

Kowòdonatè swen CCHP la te rapidman evalye bezwen fanmi an epi li te kreye yon Plan Swen detaye, ki santrè sou chak timoun. Plan sa a te enkli bezwen timoun yo, founisè sèvis yo, ak objektif yo.


Kowòdonatè swen an te asire tou ke fanmi an te gen tout ekipman medikal ki nesèsè pou sipòte bezwen chak jou timoun yo.

Lè li ede kowòdone bezwen Amara ak Max an menm tan, CCHP fè yon gwo enpak sou Lisa ak timoun li yo.



Ansanm, nou travay kòm patnè avèk ou, fanmi ou/oswa moun k ap okipe ou, ak founisè sèvis medikal ou yo pou kowòdone swen pou yon pi bon sante ak byennèt. Nou kwè chak moun ta dwe gen chans pou reyalize pi gwo potansyèl yo epi pou yo vin manm kominote a ki an sante ak aktif.

Nou vle ede ou reyalize objektif sa a.



centralchp.org

Pou enfòmasyon jeneral

Vizite centralchp.org

oswa voye yon imèl pou nou nan info@centralchp.org


Pou ACO ak Biwo Doktè yo :

pou fè yon referans



Central Community Health Partnership

Sante Konpòtman ak Sèvis Imèn



Kowòdinasyon Swen pou Manm MassHealth ACO ak MCO

Ede Ou Depase Baryè pou Jwenn Swen ak Sèvis alè

centralchp.org

Kilès Nou Ye

Central Community Health Partnership (CCHP) se yon pwogram Open Sky Community Services. Nou kolabore ak Venture Community Services, Elder Services of Worcester Area, ak Center for Living and Working. Patnè nou yo ini pou sèvi ou ak sèvis kowòdinasyon swen ki finanse pa MassHealth.

Ekip nou an gen ladan manadjè swen klinik ki gen lisans, enfimyè anrejistre, ak kowòdonatè swen – tout ap travay ansanm pou ede doktè ak pasyan tankou ou.



Kap Reponn | Responsab | Espesyalis

**Konesans laj sou resous kominotè lokal
nan Massachusetts Santral**

Wòl Nou

Wòl nou se pou:

- Konprann bezwen ou
- Sipòte ou pou ede w fikse objektif sante ou
- Konekte ou ak sèvis pou ede w ak bezwen ou yo

Objektif la se ede w gen bon sante, byennèt ak gerizon. Sèvis sa yo gratis pou ou, paske yo enkli nan benefis MassHealth ou yo.

Nou fasil pou ou jwenn aksè:

- **Nou ka rankontre ou kèlkeswa kote ou ye a** - nan kay ou, nan lopital la, nan katye ou, nan yonabri, nan yon restoran oswa yon kafe – kèlkeswa kote ou chwazi.
- **Nou pale lang ou**, oswa nou pral ofri sèvis entèprèt.
- **Nou pral aprann sa ki enpòtan pou ou** - Ki fòs ou genyen? Ki sa ki mache pi byen pou ou? Ki objektif ak bezwen ou genyen pou sante ou?
- **Nou pral konekte ou ak sèvis ak sipò** epi asire kominikasyon ouvè ak founisè swen sante ou fè konfyans lan.
- **Nou pral bay konsèy ak sipò** sou sante ak nitrisyon.
- **Nou ka konekte ou ak resous kominotè yo** pou ede w ak nitrisyon, lojman, travay, ak resous edikatif.
- **Nou itilize yon apwòch ekip** pou travay an kolaborasyon sere ak doktè ou ak lòt founisè ou fè konfyans nan ekip swen ou a.
- **Nou kontinye travay avèk ou jiskaske objektif ou yo reyalize.** Nou kapab reponn rapidman si gen yon chanjman akòz yon kriz fanmi, maladi sibit, oswa chanjman nan travay oswa benefis yo.



Yon Gid sou Kalifikasyon

Sèvis Patnè Kominotè pou Sante Konpòtman (BHCP)

- Manm MassHealth ki konekte ak yon ACO oswa MCO
- 18 - 64 ane
- Gen youn oswa plis nan sa ki annapre yo:

- Bezwen pou swen sante konpòtman oswa rekiperasyon soti nan itilizasyon sibstans
- Plizyè kondisyon sante medikal ansanm ak bezwen nan domèn sante konpòtmantal
- Gen patisipasyon ACCS (Adult Community Clinical Services) ak/oswa Depatman Sante Mantale (DMH)

Kalifikasyon pou Sèvis Patnè Kominotè LTSS (LTSS-CP)

- Manm MassHealth ki konekte ak yon ACO oswa MCO
- 3 - 64 ane
- Gen youn oswa plis nan sa ki annapre yo:

- Blesi nan sèvo ki te koze pa yon aksidan oswa domaj kognitif
- Andikap fizik oswa plizyè kondisyon medikal
- Andikap entelektyèl oswa devlopmantral, enkli Otis